Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъиилъе,ниль гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 37 (7020) 26 октябрь 2026 с. Итни Жумадул авал 1448 с. Багьа - эркенаб



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

Кьиндаллъиялде хIадури, налогал ракIари...

Бегавулзабигун, ясли-ахалъул нухмалъулелгун, ветеринариял хIалтIухъабигун дандчIвана

Дагъистан Республикаялъул ветеринариялъул Комитеталъул нухмалъулесул ишал тIуралев Муслим АхIмадовас ва бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас ветеринариялда хурхун тIуразе хIажатал суалал рорхараб данделъи тIобитIана. Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна ЦIумада районалъул бетIер Шамил ГIумаровас, бакълъулазул хIаракатчагIаз ва цогидаз.



Дандеруссиналда хасаб кIвар кьуна лъабго хитIабалде. Аргъвани росулъа ХIусен ГIусмановас гьарана районалъул мухъалда кIиго гIи-боцIи чурулеб рогIоро чIезабеян, гьединго абуна бакIалъулаб ветеринарияб идараялъе машина ва цо хIалтIухъанги хIажат ругин.

Муслим АхIмадовас баян гьабуна гIи-боцIи чурулеб бакI ине квербакъулеб квадроцикл ветучастокалъе кьезе букIинги бицана.

Муниципалитеталъул росдал магIишаталъул ва экономикаялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовас кIалъай гьабуна гIолохъанал махщалилал гьечIолъиялда тIасан. «БакIалъулаб ветеринариял тохтур» абураб программа районалда гIумруялде бахъинабизе хIажат букIиналда кIвар буссинабуна.

МелъелтIа росулъа ХIайбула ГIабдурахIмановас рехсана боцIуда хурхун тадбирал гьарулеб мехалъ гьел цойиде ракIарулеб бакIал гIолел гьечIолъи. АхIмадовасул рагIабазда рекъон, бакIбакIалде росизе бегьулел алатал ругила гьединал ишазе. Жеги





гьабиялъул суал ДРялъул росдал магIишаталъул министерствоялъул вакилзабазулгун дандбан тIубазе хIаракат бахъизе букIин. Транспорталъул суал тIубазе кIиго чи рекIунеб, нухал лъикIал гьечIел бакIаздеги тIаде бакI баялъул суалалъул халгьабизе букIиналъулги баян гьабуна.



Тадбиралъул ахиралда Гъалип Гъалиповас баркала загьир гьабуна Муслим АхIмадовасе муниципалитеталъе гьабулеб кумекалъухъ, фермеразе гьабулеб квербакъиялъухъ.

Кьиндаллъиялде хIадурлъиялъул суалал рорхараб данделъиги тIобитIана Гъалиповас араб анкьалъ. Гьенир гIахьаллъана администрациялъул хIалтIухъаби, идарабазул вакилзаби ва цогидал.

«ЦIалул идараби, ясли-ахал ва цогидал идараби букIине кколеб хIалалъ хIадурун рукIине ккола хасалил заманалде. ТIурччи, цIул ва цогидаб хIажатаб чIезабизе хIаракат бахъе. Хинлъи кьолеб алатахIукуматалдасан щолелъе квербакъи», - ян абуна Гъалиповас.

Ясли-ахазул нухмалъулел гIахьаллъараб дандеруссинги гIуцIун букIана араб анкьалъ. Гьениб бицана налогал ракIариялъул, хасал сайтазда баянал лъеялъул, кьиндаллъиялде лъималазул ахазул бугеб хIадурлъиялъул ва гь. ц. Щибаб данделъиялда бакълъулазул нухмалъулес лъазабуна муниципалитеталъул гIадамазул гIумру лъикIлъизе мурадалда жидеда тIадал ишал жавабчилъиялда тIураян.

«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи

НОМЕРАЛДА РУГО:



Сахаватал гIадамал – жамгIияталъул бечелъи
- 2 гьум.



Халкъазул цолъи – улкаялъул парахалъи
- 2 гьум.



Рахьдал мацIалда диктант хъвана бакълъулаз
- 3- гьум.



Килалъа Раяна МухIамадова – республикаялъулаб къецалъулъ бергьарай
-3- гьум.

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

Сахаватал гIадамал – жамгIияталъул бечелъи

Къуран малъулезе, СВОялъул гIагарлъиялъе сайгъатал кьуна

ЦIумада районалдаса машгьурай сахаватчIужу ва жамгIияй хIаракатчIужу Гулишат НурмухIамадова щвана Бакълъул районалде гурхIел-рахIмуялъул тадбирал тIоритIизе мурадалда. Гьелъ сайгъатал кьуна Къуръан малъулезе ва хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазулгIагарлъиялъе. Гьединго гьелъ хирияб Къуръан сайгъат гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасе, гьесул заместителазе, районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев ГIалихан ДавудхIажиевасе ва цогидазе. ЦIумада районалъул бетIер Шамил ГIумаровги гIахьаллъана гьеб тадбиралда.

ГулишатНурмухIамадовалъ рахIму-цIобалъул хIалтIи нухдаинабулеб буго чанго соналъ гьоркьоса къотIичIого. «ГIадамазе пайда гьабизе кидаго гьира букIана дир. Бикьизе бегьулеб рокъоб бугони, цогидаз дихъе щвезабуни, хIажатаб бакIалде гьеб ккезабичIого парахалъи лъаларо дида.

Жакъа дир машина буго, гIезагIан бигьалъи буго гьеб букIиналъул. Щуго сон буго дица машина бачаралдаса, амма цебе, кодоб чанго сумка ккун, маршруткабазда рекIун, цогидал гIадамазул машинаби ралагьун, хIаракат бахъулаан гIадамазе кумек гьабизе», - ян бицана Гулишатица.

Гъалип Гъалиповас бакълъулазул рахъалдасан гьелъие сайгъатал ва баркалаялъул кагъат кьуна. «Къуран малъулел мугIалимаздехун, хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул гIагарлъиялдехун гьабураб лъикIаб бербалагьи дуеги кIиябго рокъоб пайдаялъе батаги.

Нахъеккунги гьединал пайдаял ишал гIумруялде рахъинаризе икъбалгун сахлъи гьарула. Бакълъулазул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго дуе ва нужер районалъул бетIер Шамил ГIумаровасе Бакълъул районалде бугеб лъикIаб бербалагьи дуеги ккаралъухъги буго кIудияб баркала. Нахъеккунги бажараги сахаватайлъун йикIине», - ян абуна ДавудхIажиевас.

Гулишат ХIусейновналъе баркала загьир гьабуна районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаевалъги. «Гьединал сахаватал руччаби – Дагъистаналъул бечелъи. ЧIухIула ракI бечедал, квер гIатIидал, гIадамазе пайда гьабизе хIадурал руччаби рукIиналдаса. Щулияб сахлъигун халатаб гIумру, рекIел мурадал тIурай ва дунялалдаги ахираталдаги талихI гьарула дица дуе, Гулишат!», - ян абуна ГIабдулаевалъ.

Администрациялъул дандеруссиназул кIалгIадухъ гьеб тадбиралда ракIарарал щиназеги сайгъатал рикьана НурмухIамадовалъ, гьелъ бакълъулазе баркала кьуна тадбир гIуцIизе гьабураб кумекалъухъ ва лъикIаб гьоболлъиялъухъ.

Зугьра ГIабдулкъадирова

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

Халкъазул цолъи – улкаялъул парахалъи

ДДТялъул вакилзабаз байрам тIобитIана

Бакълъулазул лъималазул творчествоялъул идараялъул вакилзабаз кIодо гьабуна Россиялъул халкъазул цолъиялъул сон. Гьедин, гьезул хIаракаталдалъун гIуцIана унго-унгояб байрамалъулаб тадбир. Районалъул нухмалъулесул рахъалдасан данделъараздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна ва баркиялъул ргIаби абуна гьесул заместитель Сайпилав МухIамадовас.

«2026-абилеб сон Россиялъул халкъазул цолъиялъул сонлъун ргIинабун букIана улкаялъул нухмалъулев Владимир Путиница. Гьелъул мурадги букIана улкаялъул халкъазда гьоркьоб хIурматгун цолъи щулалъи, рекъел тIибитIи.

ГьарулагIемермиллатазулаб Россиялъе кидагосеб цебетIей, квешлъабаздаса цIуни», - ян абуна МухIамадовас. ДДТялъул мугIалимзабазе гьес кьуна баркалаялъул кагътал, цIиял гIелал куцаялъулъ лъолеб къиматаб бутIаялъухъ баркала загьир гьабуна.

Лъималазул творчествоялъул идараялъул директор Заира Базаргановалъ баркала загьир гьабуна тадбир гIуцIизе кумек гьабуразе, баян гьабуна цолъи цIунизе хIаракат бахъи щивасда тIадаб иш букIин.

«ЛъагIалида жаниб чанго тадбир тIобитIана, акциял гьаруна, лъималазе бицана ватIан букIунеблъиялъи. Гьоркьоса къотIичIого кIвар буссинабун букIуна нижеца цIиял гIелазул битIараб пикру бижизабиялде, гьел квешал гIуцIабазде ккунгутIиялде, гьезул гьунарал загьир гьариялде», - ян бицана Базаргановалъ.

Рохалилаб тадбиралда районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас батIи-батIиял къецазда бергьарал лъималазе шапакъатал кьуна.

ТадбиралдагIахьаллъаразул рекIее асар гьабуна лъималазул церерахъиназ: кьер-кьерал миллиял ретIел-хьитги ретIун, гьез бицана Россиялъул халкъазул хIакъалъулъ, залалда рукIаразул лъай-хъвай гьабуна гьезул маданияталъулгун ва хаслъиялъулгун. Районалъул лъималазул искусствоялъул школалъул цIалдохъабаз жидерго кьурдул церерахъиназдалъун ракIал рохизаруна.

ДДТялъул вакилзабаз миллияб квенги букIана чIезабун, сверухълъи букIана кутакалда берцин къачIан. Унго-унгояб миллияб байрамлъун лъугьана гьез гIуцIараб тадбир.

Макка МухIамадова

ЛЪАЙ – ХАЗИНА

Рахьдал мацIалда диктант хъвана бакълъулаз

Республикаялъулаб акция щибаб росулъ гIуцIана

Рахьдал мацIалда диктант хъваялъул акциялда жигараб гIахьаллъи гьабуна бакълъулаз араб анкьалда. ЦIалдохъабигун мугIалимзабаз бихьизабуна жидерго лъай.

Гьедин, килдерил школалъай борхизабиялъе, миллияб маданият цIуниялъе квербакъулеб республикаялъулаб акция ккола гьеб», - ян баян гьабуна ТIад Инхо росдал школалъул мугIалим Хадижат ГIабдула МухIамадовги.

«Нижер, ТIад Инхо, росдал школалдаги гIуцIана рахьдал мацIалда диктант хъваялъул тадбир. Жигарго гIахьаллъана мугIалимзабигун цIалдохъаби гьенир. ГIелазда гьоркьоб бухьен гьабиялъе, ГIамирудиновалъ.

Бакълъулазул лъайкьеялъул управлениялъул махщалилалги гIахьаллъана акциялъулъ. Килалъ, ЛъаратIа, Гъоркь Инхо, ЦIиликь, Аргъвани, Данухъ ва цогидал росабалъги тIобитIана рахьдал мацI



лалъул вакилзабаз хъвана диктант, чIиркъдерил школалда тIобитIараб гьеб акциялъул гIахьалчилъун вукIана муниципалитеталъул лъайкьеялъул управлениялъул махщалилав цIунизе, лъай цIикIкIине квербакъулеб гьеб тадбир.

«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

Килалъа Раяна МухIамадова – республикаялъулаб къецалъулъ бергьарай

Творческияб гьунар бихьизабуна

«ВатIаналъулхIакъалъулъ рекIел гьаракь» абураб республикаялъулаб фестивалькъецалда тIоцебесеб бакI щвана Килалъ гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Раяна МухIамадовалъе. ХъахIал къункърабазул къоязда гьорлъ тIобитIана гьеб къец.



Раяна къецалде яхъана «Поэтикиял рагIаби» абураб программаялъул «Художествиял рагIаби» абураб категориялда. Гьелда цадахъ йикIана ДДТялъул кружокалъул нухмалъулей Нурпат Каримоваги.

Баркула Раянада тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъи, гьарула нахъеккунги бергьенлъаби ва сундулъго битIккей.

«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи

СТРАНА ГОР

Какие налоговые изменения по имуществу действуют в Дагестане?

Налоговые уведомления 2026 года содержат расчёт имущественных налогов за 2025 год. Основные изменения:

Транспортный налог:

Ветераны боевых действий, участники СВО и члены их семей освобождены от уплаты — на одно ТС, кроме дорогих автомобилей с повышающим коэффициентом, а также водных и воздушных судов.



При расчёте применён перечень Минпромторга по легковым автомобилям средней стоимостью от 10 млн руб. на 2025 год.

Учтены изменения ставок и льгот по законам субъектов РФ.

Земельный налог:

Участникам СВО и членам их семей предоставлен вычет — уменьшение налоговой базы на кадастровую стоимость 600 кв. м.

Освобождены от налога лица в отношении участков на территориях с режимами ЧП, ЧС или КТО при временном отселении (эвакуации).

Учтены изменения ставок и льгот по актам муниципалитетов.

Налог на имущество физлиц:

Применён коэффициент 10-процентного ограничения роста налога к предыдущему периоду, кроме отдельных объектов по ст. 378.2 НК РФ.

Освобождены от налога лица в отношении объектов на территориях с режимами ЧП, ЧС или КТО при временном отселении (эвакуации).

Учтены изменения ставок и льгот по актам муниципалитетов.

РИО «Гумбет»

РИТМ ГУМБЕТА

Спутниковый телеканал «Дагестан» показал фильм о 84-летнем чемпионе Гаирбеке Алиасхабове

Республиканская государственная вещательная компания «Дагестан» показала документальный фильм об уроженце из села Читль Гумбетовского района, чемпионе России по легкой атлетике среди ветеранов, 84-летнем Гаирбеке Алиасхабове.

Документальный фильм «Чемпион из Читля. Гаирбек Алиасхабов» из цикла «Удивительные горцы» раскрывает жизненный путь заслуженного работника физической культуры РД, учителя физической культуры Читлинской основой школы Гаирбека Гамидовича Алиасхабова. Автор и ведущая передачи – Патимат Бурзиева.

Съемки фильма состоялись в рамках пресс-тура «Аксакалы Страны солнца», инициированного медиагруппой «Гумбет».

РИО «Гумбет»

ОБЪЯВЛЕНИЕ

Аттестат о среднем общем образовании серии и номера 00518000275460, выданный 30.06.2015 года Арадирихской СОШ на имя Кадиевой Аймесе Мусаевны, считать недействительным в связи с утерей.

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

Парное молоко и домашний сыр: риск бруцеллеза от привычных продуктов

«В 2025 году в Дагестане выявлено 193 новых случаев бруцеллёза. Люди недооценивают эту инфекцию и легкость заражения ей» - рассказала главный инфекционист Дагестана, доцент кафедры инфекционных болезней ДГМУ на базе Республиканского центра инфекционных болезней Саният Магомедова



Специалист напоминает: источником инфекции могут стать даже внешне здоровые коровы, овцы и козы.

Заразиться можно через молоко, сыр, непроваренное мясо, при уходе за животными

Болезнь начинается незаметно: температура, ночная потливость, слабость, боли в суставах. Поражает нервную систему, сердце, суставы и репродуктивные органы — риск выкидыша.

- Кипятите молоко

Не покупайте мясо и молочное на стихийных рынках, без ветконтроля

-Тщательно проваривайте и прожаривайте мясо

- При уходе за скотом используйте перчатки

Если после употребления молочных продуктов или контакта с животными появились температура, потливость и боли в суставах — обратитесь к врачу

Минздрав РД

СТРАНА ГОР

Инструкция: как ветерану СВО трудоустроиться при содействии фонда «Защитники Отечества»

Содействие ветеранам СВО в трудоустройстве – одно из ключевых направлений деятельности Государственного фонда «Защитники Отечества». Сотрудники филиалов по всей стране помогают героям найти работу по профессии, освоить новую специальность или открыть собственное дело.

Как получить помощь в трудоустройстве, какие документы подготовить и какие трудовые права гарантированы участникам спецоперации – рассказываем в наших карточках.

Адреса и телефоны филиалов фонда «Защитники Отечества» можно найти по ссылке. Ждем и поддержим каждого!



1

Трудоустройство ветеранов СВО – одно из ключевых направлений работы Государственного фонда «Защитники Отечества».

Фонд сотрудничает со службами занятости, крупнейшими работодателями страны, чтобы помочь защитникам в поиске работы по специальности или смене профессиональной деятельности.

Сотрудники фонда помогают защитникам в поиске работы, подборе дополнительного обучения для восстановления прежних навыков под требования конкретного рабочего места на предприятии, профессиональной ориентации, а также содействуют в открытии собственного дела

2

КАКИЕ ВОЗМОЖНОСТИ ПРЕДОСТАВЛЯЕТ ФОНД

Подбор вакансий
Фонд заключил соглашения с ведущими работодателями страны, которые предлагают квотируемые рабочие места для ветеранов

Бесплатное обучение и переобучение
Если гражданская специальность потеряла актуальность или есть желание освоить новую профессию, фонд помогает с профессиональной переподготовкой

Профориентация
Специалисты фонда проведут предварительную работу по профессиональной ориентации и планированию карьеры ветерана, помогут определиться с профессиональным направлением

Помощь в открытии своего дела
Если ветеран хочет заниматься бизнесом, социальные координаторы филиалов фонда проконсультируют по вопросам оформления социального контракта

3

ЧТО НУЖНО СДЕЛАТЬ ВЕТЕРАНУ СВО, ЧТОБЫ ПОЛУЧИТЬ ПОМОЩЬ В ТРУДОУСТРОЙСТВЕ

1. Обратиться в региональный филиал фонда по месту жительства или фактического пребывания
2. Подать обращение или узнать о доступных мерах поддержки в специальном разделе фонда «Защитники Отечества» на портале «Госуслуги»
3. Обратиться по телефону горячей линии **117, доб. 1**

4

КАКИЕ ДОКУМЕНТЫ НУЖНЫ ВЕТЕРАНУ СВО, ЧТОБЫ ПОЛУЧИТЬ ПОМОЩЬ В ТРУДОУСТРОЙСТВЕ

- Паспорт
- Удостоверение ветерана боевых действий или документы, подтверждающие участие в СВО
- Трудовая книжка или сведения о трудовой деятельности **(при наличии)**
- Диплом или аттестат об образовании **(при наличии)**
- Любые удостоверения о квалификации/курсах **(при наличии)**
- Документы об инвалидности и индивидуальная программа реабилитации или абилитации (ИПРА) – обязательно, если было получено ранение или установлена инвалидность, так как это влияет на подбор подходящих условий труда

5

ЧТО ВАЖНО ЗНАТЬ ПРИ ПОИСКЕ РАБОТЫ


- Ветераны СВО имеют преимущественное право на трудоустройство, а также на сохранение рабочего места при сокращении штата
- Если у ветерана есть ограничения по здоровью, его рабочее место должно быть адаптировано

6

24 000
ветеранов обратились в фонд по вопросам трудоустройства

57%
уже трудоустроены

7



Руслан Гаверюкин,
ветеран СВО
из Калужской области

«Благодаря фонду я поступил в университет «Синергия» по ИТ-направлению. Также при поддержке фонда в этом году прошел обучение в холдинге S7 на специалиста по информационной безопасности. Затем начал искать работу, но требовался не только опыт, но и высшее образование либо последний курс. На интервью с работодателем я не скрывал отсутствие опыта, но делал акцент на прикладной подготовке, обучении в вузе и готовности интенсивно учиться – именно это помогло трудоустроиться»

ЗАЩИТНИКИ ОТЕЧЕСТВА

СВОИХ НЕ БРОСАЕМ!

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир:
Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.